RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen . . . f 7,50 ⎫ njoewoen kabajar
½ „ . . . . f 3,75 ⎭ roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:

XAVERIUS - COLLEGE
MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

PRADJA RAHAJOE.

RAAD KABOPATÈN.

(Sampoen ngantos dados: „non inggih raad.")

Kados-poendi badé dadosipoen Raad Kabopatèn ing Djawi Tengah ngriki, ingkang saweg riboet dipoenadani samangké poenika, kanggé sakoela namoeng satoenggiling manoengsa bledjeg, boten saged mestèkaken titisipoen, djer boten kasinoengan dradjading kapanditan: sidik pramana djati, weroeh sadoeroengé winarah enz.

Nanging nitik glagatipoen ing oepjek-oepjekan pilihan kiesman doesoen, saha kiesman district, glotaglaté koela saged ngganta ngintenkinten badé kados-poendi dadosipoen. Tjoba koela pilemipoen sasaged koela.

Sagedipoen njoemerepi grad-gradan nginggil, preloe tijang njoemerepi kawontenaning ngandap roemijin dados tegesipoen sadaja poenika kedah mawi ANDA. Tanpa ANDA kita boten saged njoemerepi oetawi doemoegi ing nginggil. Makaten oegi ing bab pilihan kanggé ngwontenaken lid-lid Raad Kabopatèn. Koela wiwiti mawas saking pilihan-pilihan kiesmannen.

Awon-awon koela étok-étokipoen inggih kepilih dados kiesman kanggé doesoen Bm. *) Dus, sampoen kagèt, namoeng kiesman désa, sanès kiesman kita. Kanggé pamilihan kiesman doesoen, koela wani tanggel, mesti wonten lampah ingkang boten apsah; inggih poenika wonten kiezer-kiezer ingkang anggènipoen milih kiesman, boten medal saking kadjengipoen pijambak, nanging sadèrèngipoen pilihan kiesman, sami dipoenboedjoeki (rembag aloes) déning prabot doesoen. Boten preloe koela doemoek doesoen poendi, djer namoeng wonten satoenggal kalih. Sadaja-sadaja poenika kedah wonten ingkang uitzondering (njebal).

Samondjo-mondjonipoen manawi nama tijang doesoen mesti kirang pengalaman katimbang ing kita. Sapoenika koela ngatoeri kawontenan ingkang koela soemerepi kala para kiesmannen ing o. d. Bm. nglempak wonten ing Assisténan, preloe njerat sinten djago-djago ingkang katjalonaken lid R. K. **) ing stembiljet. Kempalan wiwit djam 8 éndjing (kilap ngrembag poenapa) wonten Assisténan. Gegajoetan kalijan wadjib koela pijambak, koela saweg saged dateng djam 10.30. Pakempalan sampoen rampoeng, kantoen njerat sinten ingkang badé kadjagokaken. Sadaja katingal sami bingoeng manawi batosipoen makaten: „Lah énggoné si sapa jah sing dèdjagok-kena!" Koela namoeng njrijosi kados-poendi tjara-tjaranipoen njerat, lan tijang ingkang katjalonaken sinten! Kedah medal saking nijatipoen pijambak, poendi ingkang dipoensenengi . . . .

Taksih deleg-deleg! Woesana wonten ingkang gerèt-gerèt njerat nama-nama ingkang katjalonaken wonten ing stembiljet. Lah sanèsipoen , . . . ladjeng katah ingkang namoeng IDEM BESAR. É, lah prijé iki ta nèh? Batos koela!

Sareng sampoen ladjeng kaklempakaken, tjalon kakintoenaken dateng kawedanan ing W. Nglempakipoen para kiesman malih béndjing 16 Juli (kabaripoen) wonten ing Kawedanan.

Koela sareng ninggali nama-nama ing stembiljet, radi ngeloes dada. Poenapaa makaten? Djeboel ingkang sami katjalonaken: Wedono (eerste prijs poenika), A. W., A. W., lan wonten sadjimpit ingkang milih golongan sanès, oepami goeroe lsp. Tijang partikoelir boten wonten. Tjipta koela: „Jèn kabèh onderan kaja ngono, ki dadiné rak bandjoer raad pjaji, doedoe R. K." Sareng sampoen, koela dipoentimbali ingkang A. W. kakersakaken omong kosong sakedap. Wosing omongan mentes oegi; makaten kirang-langkoeng:

Nitik ingkang kasawoengaken sadaja-sadaja sami pjantoen, boten wonten of sakedik ingkang partikelir. Toer 90% ingkang katah golongan B. B. Ingkang makaten koetjiwa sanget, awit ladjeng boten saged dados wakil ra'jat sajektos, gegajoetan kalijan wadjibipoen pijambak. Mestinipoen ladjeng kados barang sampiran. Wonten ing zitting mestinipoen inggih boten saged ngoembar swara kanti mardika, awit . . . . ènget voorzitteripoen sinten? Hara, poenapa boten badé kawon prabawa? Ngèngeti malih anggènipoen dados abdining Goepermèn, mangké manawi ngantos . . . , (?), mesti badé angsal . . . . (?). Mila pakèwed. Poenika dèrèng! Mangké gèk lid Landi (satoenggal) tetepan saking Goepermèn, inggih B. B. toer A. R., oetawi R. pisan. Poenapa boten èwoeh aja?

Sapoenika oepami wonten ingkang wakil ra'jat temenanan, nanging mesti badé kawon stem, awit kawon katah. Sami mawon, alijas saketip patang bénggol!

Wontenipoen R. K. genah kedah mawi wragad boten sakedik. Saking poendi asaling ragad waoe, inggih saking ngandap, ra'jat kawoela. Mangka swantening wakil ra'jat wonten ing R. K. kerep keblerengen ing soroting sang soerja. Harak nama mbebètjèr arta!

Jèn ningali lid-lidipoen sadaja ingkang katah pjantoen (B. B.), kados boten perloe dipoenwonteni R. K., djalaran ing salebetipoen komprènsi kawedanan oetawi komprènsi Kabopatèn, ingkang dipoenwonteni Goepermèn pendak woelan sapisan, kados njekapi; djer wonten ing komprènsi ngrikoe bab lapoeran-lapoeran saking ngandap, kabetahan-kabetahan oetawi kaberataning ra'jat oegi saged karembag. Koela tjoegag samanten kémawon.

Wiraosan nginggil poenika mila inggih katah njatanipoen. Tanda jekti A. K. ingkang sampoen wonten ing Pr. Djawi Kilèn inggih makaten; ngantos katah ingkang marabi bilih R. K. poenika boten lija. Soemoehoen Raad, mèmper kémawon!

Nanging jèn dipoenmanah pandjang, boten wonten tijang damelan ingkang wiwitan sakal saged saé, maremaken, awoh mentes! Koela gadah kajakinan bilih kawontenan ingkang makaten waoe, rèhné saweg sapisanan lair, dados inggih mèmper jèn dèrèng maremaken. Nanging béndjing-béndjingipoen samangsa ra'jat saking sakedik saged ngertos dateng pigoenanipoen R.K., kawontenan ingkang kados kaseboet nginggil poenika, saking kadjengipoen pijambak badé itjal, moesna saking panatjadan. Sangkaning sakedik, badé saged itjal sadaja. Ngantos paraban Soemoehoen Raad (of Non Inggih raad) saged moesna itjal tanpa lari. Kantoen moerninipoen. Bab poenika kénging dipoen-jektosi béndjing 20 — 30 taoen malih, mesti sampoen èwah sanget!

Pranjata R. K. poenika toemraping ra'jat preloe wontenipoen, djer pigoenanipoen boten namoeng sapélé kémawon. Kedjawi poenika swaraning ra'jat preloe dipoenpirengaken, lan kawigatosaken déning Negari!

Mila sampoen ngantos R.K. poenika dados non inggih Raad. Koela masa borong.

Taklim:
Lorenz.

*) Proficiat!! Red.
**) R. K. = Raad Kaboepatèn. L.

„SAMBET - REMBAG."

Neroesaken.

VAKVEREENIGING. Poenapa ingkang dipoenwastani „VAKVEREENIGING," ing nginggil sampoen katjeta, i. p. pakempalanipoen tijang-toenggil-pakarjan (vakgenooten).

TOEDJOENIPOEN. Prakawis toedjoenipoen, wonten rembag oetawi pamanggih warni kalih.

A). Wonten ingkang mastani, bilih toedjoening vakvereeniging: ngoedi mindak-saéning-kawontenan ékonomi, ékonominipoen para warga. Saroedjoek lan toedjoe poenika, wadjibing vern. mligi ngoedi, soepados pernatan-perdjandjian (arbeidsvoorwaarden) kasaèkna; ngoedi soepados kantja baoe saged pikantoek „medezeggenschap," liripoen: ngoedi soepados kaoem-berah kawenangna toemoet ngrembag dadosing pradjangdjian oetawi kontrak.

Soepados sampoen ngantos kepandjangen theorie ingkang koela atoeraken, tjobi teroes kadjodokaken kémawon kalijan kawontenan sapoenika ing tanah Djawi ngriki; ladjeng kawawas, poenapa theorie ing nginggil poenika wonten damelipoen wonten ing ngrikinipoen.

„Toemoet ngrembag dadosing kontrak". Sampoen klintoe tampi, kontrak boten kok kontrak Ndèli makaten, nanging kontrak ateges perdjangdjian, perdjangdjianipoen koeli anggènipoen poeroen njamboet-damelaken tijang sanès, kados ingkang dipoenkadjengaken déning ingkang mberahaken, lan perdjangdjinipoen ingkang mberahaken anggènipoen badé njoekani berahan dateng koeli poenika waoe, samangsa koeli sampoen njamboet-damel, kados ingkang dipoenkadjengaken déning ingkang mberahaken. —

Tijang ingkang maspaosaken, soemerep, bilih doemoegi samangké katah-kediking bajaran (berahan) ratjak boten goemantoeng saking kantja koeli, nanging saking ingkang mberahaken. Ingkang mberahaken anggènipoen mbajar manoet a) padatan, b) manoet katah-kediking tijang ingkang sami neda oetawi ngoepados padamelan.

a) Panimbanging ingkang mberahaken: adaté wong boeroeh matjoel sekésoek moeng éntoek seketip, dadi djeneng woes saadilé, jèn sekésoek nèng nggonkoe ija moeng tampa seketip; loewihé saka seketip, ikoe sabeneré kanoegrahan.

b) Akoe boetoeh koeli 10, mangka sing gelem ana 20; moelané endi sing sitik déwé pandjaloeké, ija ndak tampa.

Rembag a) lan b), ingkang boten patos lebet panimbangipoen, boten nggoemoenaken, menawi teroes ngamini panimbanging kaoem mberahaken kados makaten. Mangka rembag a) lan b) boten kladoek menawi koela temboengna: noendes wewenanging koeli pinten-pinten. Tjobi koela doemoekipoen sawatawis.

a) Mendet dedasar saking adat, adating tijang ndoesoen berah matjoel, berah matjoel dateng tangga toenggil doesoen, njengkanipoen, dateng tangga tangga-doesoen. Poenika adat. — Ingkang berah matjoel waoe pados ing betah — (inggih sanadjan terkadang namoeng sekedik, nanging sawantji-wantji wonten) — dateng panggènanipoen ingkang mberahaken. Poenika padatan, lo! Mila wonten kiranging berahan sawatawis, ingkang beberah kanti legawaning manah nglampahi padamelan, sebab sampoen katjekapan betahipoen wingi-wingi. Satoenggal.

Wekdaling njamboet-damel, — rèhné manoet adat, djam poenika ing doesoen langka-langka, — asring boten temtoe. Wonten telatipoen sawatawis boten dipoenkono-kono ing mandor; koeli, manah boten gégé. Salebeting njamboet-damel, boten dipoenpetjoet; koeli manah sekétja, boten samar manawi dipoenpisoeh-pisoehi. Kalih.

Sadèrèk berah matjoel, sata-klobot, wédang gendis Djawi, adat pikantoek; ngaso, ngombé wédang kalijan oedoet, kasambi omong (bab samboetan, oetawi tangga lsp.) manah lipoer. Tiga . . . . . Sampoen; koela atoeri mewahi pijambak, ingkang dangan. Poenika menawi badé manoet padatan. Sakétjaning manah, lan njamboet-damel kanti tentreming raos waoe wonten poendi, menawi tijang mlebet kontrakan??

„Koewi padatan ala! akoe moeng manoet padatan betjik!" Kasinggihan; samanten waoe menawi padatan saé sampoen wonten; sareng teksih kedah kadamel!! Kados sampoen tjekap kanggé mapanaken rembag, bilih padatan boten temtoe kénging kanggé patokan.

b) Kepandjangen, menawi badé koela oedari sadjlèntrèhipoen. Tjekap koela tjekak: wonten ing panimbang b) koeli dipoenpèpètaken: milih endi, mati kaliren (mbokmanawi saanak sémah!), apa milih mrendel, nanging oerip! Lha ing ngriki dradjading kamanoengsan dipoensoepèkaken babar pisan! Temboeng „ETHIEK—teg. ngélingi dradjading kamanoengsan" mligi temboeng . . . . .

„Medezeggenschap" kadjengipoen dados ngoedi, sampoen ngantos kantja baoe dipoenkat kados makaten; nganjang wawenang, kaoem berah kakéngingna toemoet ngrembag dadosing perdjangdjian njamboet-damel — Nanging pangoedi badé tanpa katemahan, menawi tijang madjeng pijambak-pijambak, njangnjangan sakadjengipoen pijambak-pijambak. Mila kantja baoe kedah kakempalaken, ladjeng tijang satoenggal atas namaning pakempalan tepang rembag kalijan ingkang badé mberahaken, damel kontrak kaanggé tijang sapakempalan. Menawi sampoen ngempal, lan kaoem mberahaken boten saged ngoepados baoe sanès, saweg badé gampil nginggahaken aosing baoe. Mangga dipoentandangi!! Perdjangdjian kados makaten poenika nama, perdjangdjian-koempoelan oetawi „COLLECTIE CONTRACT". — Doemoegi samanten roemijin. Minggoe wingking ngrembag pamanggih B.

H.

KOEROE SÉTRA.

MANTJA WARNI.

1. Ing Europa lan Amerika saha ing Azia poenapa déné ing Noesantara ngriki kerep kawartosaken ing serat-serat kabar bab tandingan balbalan, pados kampioenschap. Roemijin Calcutta sampoen naté ngloeroegi Betawi, Australia ngloeroegi tanah Djawi. Wonten ingkang tandingan langèn, boksen, karosan. Adjangipoen ing negari Welandi wonten ing Stadion Amsterdam. Para tetijang anggènipoen ngalembana dateng para kampi ngantos keladoeken malah wonten ingkang klèntoe, lajak kémawon serat kabar Vaticaan ngèsemi, déné ngantos kados déné mbatara dateng sport.

Gantos tandingan! Mr. Singgih kalijan hadji Salim roemijin sampoen naté tandingan paben. Wonten malih pasoelajanipoen warga P. S. I. kalijan warga pak. Mohammadijah. Mentas poenika P. Haradap radi pentelengan kalijan wd. Hoofdredacteur Fadjar Asiah. Sinten ingkang badé songkolan?

Jaarbeurs ing Bandoeng woelan Juni poenika wonten tandingan ajoe-ajoenan, boten ajon-ajonan. Ingkang angsal pris angka 1, mevr. Coeverden. Poenika ladjeng sineboet Miss jaarbeurs. Mangké sadèrèk Noesantara gèk badé niroe poenika! Wonten kabar béndjing peken malem Semarang, badé dipoenwontenaken tandingan ajoe-ajoenan kanggé bangsa Djawi. Wanita sadjawinipoen tanah Djawi oegi kénging nglebeti, nanging kedah kintoen gambaripoen roemijin. Ladjeng wonten commissie ingkang badé milihi. Ing salebeting peken malem badé katanding ajoenipoen. Ingkang kapilih ajoe pijambak badé angsal seseboetan Miss Java poenapa Miss Soematra! Sinten ingkang badé nglamar? Sinten ingkang badé niroe boekoengan, rok-rokan, règ-règan . . . ? É, é, é, djaman kok kemajoe timen!

2. Kawartosaken toewan Stokvis gegémbong I. S. D. P. roemijin, badé angadjawi. B. T. tjarijos, toewan Stokvis poenika satoenggiling Welandi *) ingkang ngertos terang dateng gloetat-gloeting politiek Noesantara. B. T. sadjakipoen tjotjog kalijan politiekipoen sang Stokvis. Poenapa dèrèng ngertos dateng sedjatosing socialisme? B. T. njambeti. Tetijang ngrika (negari Welandi) langkoeng pitados dateng politicus ingkang dèrèng naté ngambah ngriki. Poenapa sanadjan ingkang sampoen terang tanah ngriki, kados sang Stokvis, temtoe langkoeng damel rahajoe toewin andjoendjoeng tanah ngriki? Rak kedah ngèngeti ngèlmoenipoen poenapa, noen! Kosok-wangsoelipoen sanadjan dèrèng naté ngambah ngriki, menawi tradjang toewin ngèlmoenipoen tresna dateng sesami-sami, inggih dateng bangsa sanès, mangangkah adjeng saha rahajoening sanès, ingkang mawi pambeg oetami sedjati, oegi boten badé kawon kalijan toewan kaseboet.

É, saoedara, djengandika sampoen joeswa, langkoeng prajogi wonten negari Landi kémawon.

Barata.

Ngleresaken lepat.

Ing Sw.-Tama no. 20 karangan ingkang asesirah P.P.M.N., C.P.F. wonten ingkang klèntoe. Boepati Anèm (Boepati Nglebet) poenika lepat, leresipoen Boepati Patih (Boepati Nglebet).

B.

V. I. O.

Nalika tanggal 7 Juli Wanasaba tjabang P. G. H. B. ngawontenaken parepatan. Kadjawi ngrembag sanès-sanèsipoen oegi ngrembag rantjanganipoen Dir. O. en E. Rantjangan waoe badé njoeda blandjanipoen goeroe-goeroe V. I. O. Ingkang toelage-nipoen sapoenika f 100 (satoes roepijah), badé kadadosaken f 50. Déné sababipoen dipoenpenggalih, tetandinganipoen toelage kalijan blandjanipoen kekatahen. Jèn katimbang kalijan blandjanipoen goeroe-goeroe Walandi saha toelagenipoen.

Poetoesanipoen tjabang boten narimahaken. Kanggé mratélakaken, ladjeng kintoen tligram dateng Dir. O. en E. ingkang soeraosipoen njondongi protèsipoen V. B. G. H. B. dateng Dir. O. en E. prakawis blandjanipoen V. I. O.

* * *

Karsanipoen Dir. O. en E. waoe, mratandani bilih aosing goeroe-goeroe waoe dèrèng wonten ing papan ingkang samestinipoen, inggih poenika kapenginggilen, mila badé dipoenlorod. O, dados goeroe-goeroe poenika samanten poenika anggèn pandjenengan ngregèni, anggèn pandjenengan ngaosi. Poenapa sampoen leres??? Samanten aosing goeroe V. I. O.

Kinten koela sanadjan dipoenregèni samanten meksa katah ingkang poeroen toembas. Oedjaripoen ingkang nglampahi lotoeng, sèket-sèket loewoeng, timbang ora olèh oendakan blandja. Beter iets dan niets. Inggih poenika ingkang badé dados margining sedya nglorod dateng dradjading goeroe-goeroe V. I. O. ingkang njrambahi goeroe-goeroe Indija sadaja.

Sinten ingkang kresa njadé mirah, inggih poenika tampi jatra sakedik.

Prakawis tetandinganing toelage.

Prijantoen Walandi ingkang sami namboet karja ing ngriki poenika sampoen dipoensoekani toelage pijambak. Dados dasaring blandja sampoen kapranata, Indiër kalijan Europeanen sampoen béda. Dados sampoen mawi regi pijambak-pijambak, mitoeroet bangsa lan kasagedan.

Prijantoen Walandi dipoendadosaken goeroe ingkang langkoeng inggil, ladjeng dipoenparingi toelage. Dados toelage waoe toemandjanipoen

*) Jahoedi. Red.

boten dateng kabangsan lan dasaring kasagedan, nanging padamelan.

Ing ngriki sampoen tjeta mlèsèding panimbang tetandinganing toelage katanding lan agenging blandja.

Aosing prijantoen Indija sapoenika.

a. Kabangsan + Dasaring kasagedan + Padamelan.

1. Indiër + Sekolahan + Padamelan.

2. European + Sekolahan + Padamelan.

Sampoen tjekap.

F. S. H.

SOEMAMBET.

Ing artikel film Indonesia wonten ingkang asoeraos: moendoering tetanènipoen bangsa Indonesia langkoeng-langkoeng toemrapipoen bangsa kita Djawi. Ing ngrikoe dipoenngendikakaken, saged kita andandosi economie kita kanti rantjag, roemijinipoen kita kedah ngadjengaken tetanèn kita. Koela badé ngatoeraken ingkang koela soemerepi ing tanah Djawi ngriki kémawon, sekedik-sekedik kanggé panimbang, sabab kawontenanipoen ing Soematra, Borneo, Celebes, Flores lsp. koela dèrèng tjeta menggah wewatekanipoen, tetijang ngrikoe, panggesanganipoen saben dinten, padatan lan tata-tjara. Menggah ing tanah, pantjèn njata langkoeng djembar-djembar, langkoeng kobèt tinimbang tanah Djawi ngriki.

Menawi kantja tani (sapérangan ageng kita tijang Djawi poenika bakoenipoen tetanèn) sampoen njaèkaken tetanènipoen, dèrèng temtoe menawi kawontenaning economie saged saé kanti rantjag; djalaran ngèngeti: saking sekediking siti ingkang kagarap kantja priboemi, tjatjah djiwa mrijel sanget, saking katahing onderneming-onderneming, andjalari soedanipoen siti ingkang pantjènipoen dipoen-garap tetijang ngriki pijambak.

Bab poenika sadèrèk pangripta inggih sampoen roedjoek. Wonten malih ingkang dados djalaran dèrèng tamtoe kalampahan, malah koela wani matoer, angèl sagedipoen kelampahan. Sadèrèk P. D. damel karangan ingkang asesirah „Akal toewin kapital" poenika inggih kénging kaanggé katrangan atoer koela waoe. Ratjak kantja tani poenika rèndèl samboetanipoen: dateng tijang soegih, dateng bank, dateng Tjina lsp. Anggènipoen gadah samboetan warni-warni poenika, sabab saking boten saged anggènipoen ngoebengaken pamedal, langkoeng saé koela temboengaken: mrintji pamedal. Sing dakpangan seméné, sing dakanggo njaoer oetang, sandang. kaloemrahan seméné, sing daktoerahaké seméné, kanggo ndjaga tembéboeriné oetawa embèn menèh.

Bangsa Djawi menawi katanding kalijan bangsa Tjina oetawi Walandi pantjèn dèrèng njandak, kapital kawon, toer boten soegih akal.

Pamedalipoen kantja tani koela anggé ratjak setaoen sepisan. Bakoenipoen pamedal pantoen. Wonten ingkang djagoeng, sata. Déné palawidja, djanganan, wowohan poenika koela wastani imbet-imbet pamedal. Wonten sawenèhing panggènan kantja tani lampah idjon. Sabab poenapa? Kaojak ing betah. Kanggé kaperloean bakda Sawal, kepeksa ngedalaken wragad katah i. p. kanggé toembas sandangan, wragad kaperloewan wekdal poenika, mertjon. Gabah 1 datjin dipoenregèni f 2 oetawi f 2,50. Béndjing panèn mangsoelaken. Ingkang mboetjal arta poenika bangsa kaoem kapitalist, inggih poenika bangsa Tjina, pamboetjalipoen ngantos atoesan roepijah. Mangsa panèn gabah saged regi f 4 oetawi f 4,50.

Kantja tani ingkang pasitènipoen bakoe oetawi kaselingan kataneman sata oepami bawah Wanasaba, bawah Kedoe, menawi mirengaken angsal-angsalipoen anggèné nanem sata, dasar sitinipoen wijar, pantjèn njenengaken, f 500, f 700, f 1000 oetawi langkoeng. Ananging moegi kawoeninganana wragad panggarap siti lan sata katah ingkang njamboet dateng bangsa Tjina. Béndjing panjadénipoen kapeksa dateng Tjina ingkang dipoensamboeti. Inggih oegi wonten ingkang boten. Dados reginipoen kerep setengah dipoengerba.

Menawi pantoenipoen sampoen mantoek, poenapa ladjeng kasimpen ing loemboeng? Awis sanget ingkang makaten. Kasimpena inggih namoeng sekedap. Sabab saking pemanggihipoen, pamedal poenika waoe dipoenanggep bati sadaja, mila ladjeng kémawon katandjakaken, wingking poenika gampil.

Wonten sekedik dipoenteda sekedik (malah sok katah) wonten katah, saja, inggih dipoenteda katah. Kedjawi poenika poen betah ngojak sesarengan: paos, sandangan, samboetan, kanggé kalimrahan, i. p. njoembang, kanggé gadah preloe. Dèrèng kanggé kesenengan, kasoekan, wiloedjengan-wiloedjengan. Mila pantoen oetawi wosipoen inggih kepeksa kasadé. Koela soemerep satoenggiling kita kadistrikan, ingkang dados telengipoen panggènan-panggènan ngrikoe, poenika ing mangsa panèn, wos ingkang kaemot ing prah (vrachtauto) katoembas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 èwoe oetawi tigang èwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 5 èwoe roepijah. Mangka dangoenipoen kinten-kinten 2 woelanan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sapoenika f 7). Saja dangoe saja mindak, poengkasanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kénging kawastanan telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer dateng patjinan.

Kados sampoen tjekap atoer panimbang koela, ingkang oegi sampoen kaoeningan para maos.

Koela kepeksa natjad malih dateng bangsa koela pijambak anggènipoen kesèd, sok sembrana. Poenapa bangsa sanèsipoen boten mekaten? Temtoe wonten ingkang makaten. Tijang sipat manoengsa, noen. Temboeng kesèd waoe ngemoe: nriman, liripoen amoeng satjekapipoen, ratjak boten agreged anggajoeh sanggingilipoen. Atoer koela poenika dédé patokan, nanging koela roentoetaken kalijan tetijang ingkang kekirangan penggajoeh, oeger kendilipoen boten mengkoereb kémawon sampoen nrimah. Koela inggih boten nglepataken kawontenan mekaten, menawi ngèngeti panggesanganipoen kantja-kantja padoesoenan ingkang memelas. Ratjakipoen oeger tjekap ingkang kateda saben dinten kalijan anak sémahipoen, sampoen nama kamoeljan. Taksih pinten joeta tjatjahipoen sadèrèk-sadèrèk ingkang mekaten poenika. Tijang-tijang poenika waoe boten kober ngrembag mardika, mardika, Noesantara boten kaerèh ing pradja sanès; saweg ngrembag pradjanipoen pijambak kémawon saben dinten sampoen bingoeng.

BARATA.

LARASATI.

SAMI KADOS-POENDI?

Koela boten badé ngalang-alangi kantja koela wanita, ingkang sami wijar djangkahipoen, badé ndjoendjoeng dradjading wanita, sarana ngoepados „pada" lan prijantoen kakoeng; nanging koela anggegegi kaantepan koela pijambak, tegesipoen koela njoewoen tlesihipoen roemijin „pada karo prija" ing bab poenapa, ingkang sami dipoenkersakaken para wanita model Moestaka-wèni poenika.

Sebab makaten ta para Kadang, —samanten waoe menawi boten klintoe:— panggajoeh njamèni prija poenika wonten ing Éropah sampoen radi soemebar; soemebar kados soemebaripoen dedasar lan „atèn-atèn" oetawi raos berontakan (revolutionair). Prakawis poenika boten anggoemoenaken babar pisan, djer pangoedining wanita sami kalijan prija poenika ndèrèk wohing Revolutie ing Frankrijk roemijin.

Mangga koela tjoeplikakaken saking program der Duitsche Sociaal-democratie (Erfurt 1901). „Partij sosial-demokrasi . . . . rok-bandawala- . . . . ngoedi ilanging pangawoela marang sawidjining golongan lan ngoedi ilanging pilah-pilahaning wong, lan ngoedi moerih anaa wewenang lan wadjib kang pada kanggo sakabèhing wong, tanpa mawang lanang-wadon, oetawa asal-oesoel". Seboetipoen ing basa Walandi: De sociaal-democratische partij . . . . strijdt . . . . voor de afschaffing van klassenheerschappij en der klassen zelf, en voor gelijke rechten en gelijke plichten voor allen, zonder onderscheid van geslacht en van afstamming.

Nama „Duitsch", boten sah kapaben, awit sanèsipoen namoeng noenggil-misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada" kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wanita?

Moerih gamblangipoen, lan soepados kita anggadahana antjer-antjer, dateng poendi kedah antjas kita, para wanita, inggih Katholieka, inggih-botena, koela atoeri menggalih lan mawas atoer ing ngandap poenika:

Pendjenengan mbokmenawi sampoen naté mireng, inggih sanadjan saweg nama lamat-lamat, kadjengipoen, temboeng: Vrouwen-emancipatie. Ingkang dèrèng damang, katjaosan katrangan sekedik. Vrouwen-emancipatie poenika tegesipoen, kados ingkang kaoegeman ing djaman samangké, kénging katemboengaken makaten: Loewaré wong wadon saka kaanan, nganti pada diarani oetawi dianggep *doeroeng bisa madeg déwé*, lan loewaré wong wadon saka enggoné diitjak (Een bevrijding uit een toestand van onmondighied en onderdrukking).

Vrouwen-emancipatie kados ingkang kelampah ing th. Éropah béda-béda:

1. Absolute, kadjengipoen: samining tijang djaler lan èstri ing samoekawis, sanglebet- lan sandjawining gesang bebatihan.

2. Politieke „sami" wonten ing kalanganing politiek oetawi pradja (in het openbaar leven of in den staat).

Sapoenika manawi kadang kita badé dak-soengging, koela atoeri milih:

Satoenggal poenapa kalih, poenapa kalih-kalihipoen! Tjekakipoen, menggahing koela pijambak, inggih miliha satoenggal poenapa kalih, meksa ngèngeti sèkèng koela, kasèkèngan ingkang sampoen kagéndongaken dateng sadaja bangsa wanita. Pramila, asring koela olak-alik wonten telenging sanoebari: Lahija, wong sabangsakoe teka ndjaloek dipadakaké karo prija, gèk sing ndak enggo sebab apa? Apa wong sabangsakoe mengkoni kabèh, kang bisa madakaké wong wadon karo wong lanang? (moenggoeh ing kategoehan toemrap wadag lan aloesé?).

Apa tjoekoep bengak-bengok, tjenta-tjenté, ora narimakaké marang enggoné ora dianggep pada? Lahija, arepa noengsang-ndjempalik, nèk pada genah ora bisa; nèk babag, „irib-irib njaketi" kira-kira idaman kang ora mokal katjekelé! Lan bandjoer: arep pada maoe enggonkoe arep moedjoedi kaprijé, apa sing koedoe pada ndak lakoni?

Mila koela manah makaten waoe, sebab koela roemaos pijambak, kedah ndjagi, sampoen ngantos ta wanita koemèwat, kasaripoen: dloedoes-tjlolo, waton moengel: ndjaloek pada!— Kawèkanana sampoen ngantos idam-idaman kita kados kepénginipoen wanita badé kagoengan rawis (brengos)! Poenika nama kepéngin barang mokal (tegen-natuurlijk). Mokal kelampah, toer jèn kelampahan, mokal tanpa pakèwed, pakèwed ageng sanget; poenapa malih, manawi saèstoe saged kelampah, mokal saged dangoe, djer boten sakodratipoen, boten roedjoek lan kodratipoen.

Liding dongèng: mapanaken selira poenika sakita barang angka satoenggal; tijang nama mapan, jèn panggènan lan pangkat (dradjad) saroedjoek. Mila sampoen ngangkani papan, panggènan, roemijin, nanging mriksanana dradjading salira roemijin.

Panoetoep: Sadèrèk kita wanita ing Djepan sampoen sasat sadjadjar kalijan bangsa prija, djer djalaranipoen inggih wonten; ing ngrika Mr. Dr. sampoen toempoek. Tokio wonten Universiteit-ipoen milgi kanggé wanita, i.p. Nihon Joschi Daigakse H.B.S. èstri wonten 700, lan gymnasium 2; college èstri katah.

A. SWASTI ASTOETILAH.

NIMBANGI „TETIMBANGAN."

Ing Sw.-Tm. No. 21 ingkang nembé medal poenika pandjenenganipoen Mevr. C. Soetjilah-Atmasoedarma maringi tetimbangan toemoedjoe doemateng para prija, soeraosipoen kénging katjekak makaten: Ing sarèhné „prijantoen kakoeng poenika inggih kagoengan lampah ingkang boten dipoentjotjogi déning bangsa èstri", oepaminipoen „gadah lampah ngiwa, nilar sémahipoen, minoem, main lsp.," mila „manawi tijang èstri kesoepèn dateng lampah saé, gadah tingkah ingkang boten pantes, main, domino lsp.", poenika ingkang kakoeng „inggih kedah rila sanget", awit tijang èstri poenika inggih „nggadahi kekadjengan ingkang mardika toewin boten kénging dipoenoepamèkaken batoer toekon", dados tjekakipoen soeraosipoen saèmper makaten: Pakné Sidin, sarèhné kowé déwé ikoe sok ngédan, moelané bodjomoe nèk mèloe ngédan, ija togna baé! Rak „lanang wédok pada baé" ta?

Rak inggih mekaten ta pangandikanipoen Mevrouw? Hm, ngadjak ora omah! Lha rak „ngobong klasa" Mevrouw poenika!

Prakawis ingkang sami main lan minoem, béndjing kémawon manawi kober koela gepokipoen. Ing sapoenika kaparenga ngrembag pangandikanipoen Mevrouw roemijin.

ECONOMIE.

Kawroeh ingkang moemetaken . . . . . kantong, poenika menggahing sadèrèk koela Djawi, kawroeh . . . . . „bisa-njekel-doewit." Nas, nding! Menawi njepengipoen kawroeh-saged-njepeng-arta, doemoegi memetipoen pisan, sad. ngriki katah ingkang tjepet; ingkang béka poenika njepengipoen-arta; ngetingalaken, nanda-jektosaken, toemindak saroedjoek lan kawroeh poenika waoe, doemoegi sapriki teksih dados pengantos-antos! — Kok sadèrèk ngriki ratjak kénging dipoenwastani boten gadah arta, inggih boten, sanadjan namoeng sekedik. Nanging wonten ing praktijk, theorie: $(A - a) - p = A - (a + p)$, ingkang artosipoen: pamboewang moendak, pametoe adjeg, *tirahan soeda,* ketingalipoen kita dèrèng patosa apil. Lha inggih poenika djalaranipoen koela sadèrèk Djawi, inggih daganga, inggih botena, banda saja dangoe ratjak-ratjak malah saja soeda.

Pamboetjal adjeg, toemraping tijang ingkang poeroen gesang tjaraning pasrawoengan—sapoenika oep.: abonnement lan contributie; poenika ingkang katah saja dangoe, saja mindak nggandoelipoen. Dimas C-ordééka, andak sanès poenika ingkang moeroegaken Djawi Sraja roemijin wangsoel dateng djagad nirwana? — Sw.T. saweg anoe mèh kémawon, inggih margi — $(a - p)$ poenika! V.L.-fonds, ketemag-ketemeg margi . . . . . ? Sadèrèk sanès Katholiek, setali rong-poeloeh-lima! doemoegi ingkang pakempalanipoen sampoen ageng lan ander-bala pisan.

Kèngetan anggènipoen mangkelaken Zentgraaff (tjara Timboet: Centengraver!) ing Soer. Handbl., ingkang martosaken, bilih satoenggiling dinten kas departement financiën P. S. I. namoeng gadah arta f 9, ngantos boten saged bajar séwan kantor . . . . .

Kèngetan Assuransi Bandoeng, kabibaraken déning Pangerèh, lan sareng kas kabikak déning weeskamer-agent, namoeng wonten artanipoen roepijah satoenggal lan tangsoelan kalih — makaten Pr. B. — sadaja arta mboedeg?

Kèngetan Mr. Iskak dipoenproces gandèng lan faillissement ing Soeraba-i-a?

Kèngetan pawartos wonten warga Raad-kawoela samboetanipoen paos dipoentjowokaken présentie-gelden, ingkang teksih badé katampèn sabakdaning zitting, ingkang saweg badé toemindak (zitting waoe, ingkang teksih badé toemindak!)? Oetawi anggènipoen wonten warga V. R. mendet poersekot?

Prakawis Bank oetawi assuransi oetawi v. L. fonds sami rekaos nama boten dados badjoel! Sampoen limrahipoen laré adeg-adeg-kantep sami babak-boendas! Mangka kita poenika blakanipoen, menggahing ekonomi-sandjawining-grija, mligi saweg laré adeg-adeg-kantep . . . . Sapoenika preek . . . . ! Sad. Roekti-Woeri, Paloepi Darma, Priesterfonds, doemoegi S. K. lan Sw. T. sadaja tanggelan arta. Panggah, prijantoen, mangga sami ta tansah ènget (koela pijambak samboetan koela rèndèl!): $(A-a-p = A-(a+p)$. Medal mindak, mlebet adjeg, tirahan soeda, terkadang boten tirah!!

Politiek. (Whadoeh!)

Mussolini taoen poenika witjanten (saben dinten witjanten, nanging ingkang badé koela koetip) makaten:

Pradja fascist diakonana jèn doewè wateg bisa ndjoendjoeng dradjading kamanoengsan (ethisch karakter); Pradja iki Katholiek, nanging nomer sidji lan sing perloe déwé enggoné dat fascist. Katholicisme anané moeng nambeli koeranganė pradja-manoet-enggonkoenegesi!

(Mangga ta rak kaoe sanget jèn dipoen Walandèkaken déning tijang kaoe. Mila katjaosan Walandinipoen):

„De fascistische Staat eischt, dat ten volle zijn ethisch karakter worde erkend; die Staat is Katholiek, doch ze is fascistisch in de eerste plaats en bovenal, uitsluitend en in zijn diepste wezen (inggih, inggih ta sampoen! Mangga sinten kédanan temboeng! Pr.) fascistisch. Het Katholicisme vult onze Staatidee aan . . . . ."

Weeee, nijat Gallicalisme lan Jozefisme, ingkang kalih-kalihipoen (sato énggal ing Frankrijk lan satoenggal ing Oostenrijk) badé ngoewaosaken Pradja ambawahaken Pasamoean Soetji! Moelané di . . . . —njoewoen premisi!-disontolojo déning ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa!

Émoet, kadang prijangga, Mussolonisme, Gallicalisme lan Jozefisme dipoensontolojo (veroordeeld), sebab sami nganggep pradja sanginggiling Pasamoean Soetji!!

Pramila.

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 22.

poenika boten sakedik ginanipoen. Manawi doemoegi mangsanipoen laré bawa pijambak, awit sampoen diwasa, tamtoenipoen boten sadaja pikadjenganipoen kapitoeroetan, terkadang malah kerep ketjoewan, ananging ing sarèhning boten kogoeng, djalaran ing ngadjeng sampoen kerep prihatos, dados manah sampoen atoel boten tansah kalegan, woesananipoen saged nahan ingkang boten sakétja, sarta boten gampil ketelasan pangadjeng-adjengipoen.

Ngagesang poenika émbanipoen tijang mangoen perang. Temtoe kémawon asring ketaton, sakit, tjoewa manahipoen, amargi boten kadoemoegèn ingkang sinedya. Kasoesahan kirang sakétjaning kawontenan poenika dados sandoenging tijang gesang. Laré ingkang boten tampi didikan anggoelang sabar sarèh, ngampah hawa kanepson, manawi katahan temboeng ingkang boten sakétja, tamtoe saja badé karaos-raos manahipoen, samangsa angsal sesandoengan ingkang koela atoeraken ing ngadjeng waoe. Pramila wadjibing panoentoen, sampoen ngantos pépéka ing tindak pamboedi dajanipoen, moerih laré-laré sami kadoenoengan manah santosa. Déné laré ingkang boten dipoen-goegoelang moerih manahipoen tegoeh, kadoegi nandang sangsajaning ngagesang, wekasanipoen asring adamel kawirangan.

Ananging sampoen ngantos klintoe tampi. Sampoen ngantos gadah tindak kados singa nagara, ingkang tampi ajahan saking pradata njapoe pasakitan, tanpa émoet dateng toedjoening paoekoeman.

Anggoegoelang laré prihatos, poenika sampoen kasamèkaken kalijan natoni manah, agengipoen njetjenggring. Laré ingkang pantjèn kedah kaoekoem. Paoekoeman inggih kedah katindakaken, sarta nganggé ngémoeti bab lampah adil. Djampi poenika wonten ingkang raosipoen boten étja, ananging dajanipoen ageng, saged ambéngkas raosing sesakit ingkang adamel risaking badan, sarta ingkang raosipoen ngoengkoeli paiting djampi.

Sarana dongèng-dongèng tijang sepoeh saged njantosakaken manahing laré, moerih boten saged gampil telas pangadjeng-adjengipoen, samangsanipoen njandoengi sangsajaning ngagesang. Tjetjrijosan bab gesangipoen tijang djaman roemijin ingkang kénging kanggé toetoeladan, ing bab santosaning sedya, tegoeh ing manah, prawira ing tindak tandoek, kénging kadamel mengkoehaken manahing laré bab tindak dateng kaoetamèn. Katah bapa ingkang namoeng mboedjoeng moerih anakipoen sami pinter, ananging soepé manawi laré kedah oetami. Ing mangka kaoetamèn poenika aosipoen langkoeng katimbang kapinteran. Sarta malih tijang pinter ingkang nilar kaoetamèn, malah mitoenani ing ngakatah. Landeping pamanahanipoen, sakatahing kapinteranipoen, kanggé mitenah, ngapoesi oetawi nandoekaken piawon lan sapanoenggilanipoen. Kapinteran sok boten saged ngedalaken woh, boten kénging kapendet ginanipoen, wangsoel kaoetamèn, tatag teteging manah, santosaning boedi wening, tansah kénging kaetjakaken saben dinten.

Wonten tijang pinter gadah montor satoenggal. Ing satoenggiling dinten njamboet arta dateng patepanganipoen tigang atoes roepijah, sarta tjrijos manawi montoripoen kénging dipoentjepeng. Sareng arta sampoen katampi, ladjeng mantoek, montor dipoenpoeter. Tijang ingkang njamboeti arta, neda soepados montor katilar, awit kanggé tjepengan. Ananging dipoenwangsoeli kalijan étja, bilih ing ngadjeng gadah panemboeng njamboet arta, sarta montor kapoerih njepeng, ing sarèhning sampoen angsal arta, sapoenika badé mantoek, manawi ingkang njamboeti arta badé njepeng montoripoen, ing panggénan pajonan poenapa poendi, boten wonten alanganipoen. Ingkang njamboeti arta plenggongan sarta ngawasaken montor ingkang saja rikat lampahipoen.

Poenapa ginanipoen kapinteran ingkang boten rinangkepan ing kaoetamèn. Nagari saja badé betah poelisi katah, samangsa katah tijang pinter boten oetami.

Pamanggih ingkang mastani, bilih kekerasan sarta kawanteran ingkang toemrap dateng panggoela-wentah, poenika anélakaken kirang tresna lan

Noewoen, karsanipoen Mevrouw poenika badé njelakaken, poenapa badé nebihaken tijang sesémahan? Saking panginten koela badé njelakaken, namoeng ingkang kapangandikakaken kémawon doemawahipoen saged nebihaken. Klèntoe sakedik, badé wawoeh saé, klèntoe pegatan! Boten dados poenapa waton (boten) kagem pijambak! Pardon, Mevrouw en Mijnheer!

Sapoenika koela keparenga ngatoeri tetimbangan doemateng Mevrouw; mbokbilih kersa anggalih. Déné inkang badé koela atoeraken poenika saking pamanggih koela kados inggih leres. Manawi wonten sadèrèk ingkang karsa ngagem: soekoer bagé sèwoe. Éwadéné manawi wonten ingkang kagoengan pamanggih ingkang langkoeng prajogi, inggih poenika kémawon kaagema.

Menggah pamanggih koela ingkang badé koela atoeraken poenika makaten: tijang ingkang soepé dateng lampah saé poenika, inggih djalera inggih èstria: lepat. Lah lepat poenika: inggih lepat! Afgeloopen! Boten kénging dipoentoetoepi: Ah, dikapakaké manèh, wong lagi lali! wong lagi kena panggoda! Oetawi: Ah wong moeng mainan baé kok! Ah moeng nggandèng wong wédok baé kok! Wis loemrahé enz. Ngaling-alingi lepating tijang makaten poenika, tjoendoekipoen kalijan ingkang karembag ing riki, koela boten mrajogèkaken. Déné prajoginipoen tijang lampah klèntoe makaten poenika kadoenoeng-doenoengna ing lepatipoen saha katedahna ing leresipoen. Lah manawi sampoen roemaos ing lepatipoen saha soemerep leresipoen, lha ing ngrikoe ladjeng mantjoengoel kamardikaning pikadjenganipoen manoengsa, tegesipoen kénging nindakaken mitoeroet pangertosipoen waoe, naning inggih oegi kénging anilar, mawi-mawi ingkang dados pikadjenganipoen. . Lah ingkang nindakaken mitoeroet roemaos lan pangertosipoen waoe, inggih ladjeng ngoedi moerih pikantoekipoen pangapoenten doemateng ingkang katandoekan ing lepat waoe, saha saladjengipoen anglampahana ingkang leres. Bab poenika djalera oetawi èstria sami kémawon. Lepatipoen tijang djaler inggih lepat, lepatipoen tijang èstri inggih lepat. Lah djampinipoen inggih sami kémawon: ngroemaosi ing lepatipoen saha njingkiri margining lepat waoe. Inggih ing rikoe doemoenoengipoen èstri gesang sesami-sami kados ingkang kapangandikaken Mevruow. Lah tjobi tijang sesémahan ingkang sami kersa ndahar djampi ing nginggil waoe rak saged „gesang sampoerna."

Taklim koela:

POETRI TJINA.

MOEDA POEROEITA.

NJAROEDJOEKAKEN PAMANGGIH.

Bangsa Europa katah ingkang sami ngoedi bab gending (lagoening menjanjian), déné bangsa koela Djw. tembang.

Tembang poenika wonten roepiroepi, wonten lagon, gendingan lan sapanoenggilanipoen.

Lagon oetawi tembang poenika wonten kala-mangsanipoen kénging kanggé nambak oetawi njandet sawatawis dateng manah soesah-sedih, dados saged kanggé njlamoer.

Pamanggih koela (tjekakan) bab lagoe, poenika boten toemoet poenapa-poenapa, ingkang dados wos lan saéning tetemboenganipoen.

Kados déné sapoenika oepami midjil ketoprak, (ning sampoen ngantos prak-prakan marika-mariki lo!) makaten:

„Soen tjandrané bendéra Walandi,
tengering paloegon,
abang, poetih, biroe soe warnané,
abang manèh kendel ingadjoerit,
poetih makna alim,
biroe sedya toehoe.
lan sapanoenggilanipoen.

Malih lagoe rété-rété kadamel gendinganipoen laré:

„Tjah di pada.) X 1
taberi matja étoeng.) X 2
soepadya énggal bisa.) X 2
lamoen bisa mbésoek.) X 2
soepadya énggal antoek.) X 2
noegraha tembé mbésoek.) X 1
Tjah di pada."
lan sapanoenggilanipoen.

Gendinganipoen laré-laré: kowé nggémbol apa doek! enz. dipoensantoeni:

„Kowé arep njang ndi lé,
(nang, doek, oetawi goes)
akoe arep kolah,
kolah mèné apa lé,
kolah mèné pinter.
lan sapanoenggilanipoen.

Riti-riti.

„Riti-riti kebon radja Sri Wedari,
tor dirombeg, tor dirombé,
réta motor mandeg,
dipoeter mlakoe déwé.
enz.

Ingkang makaten poenika jèn katjoendoeken kalijan raos saloegoe, tanpa mawi gadah grendjet nijat ingkang nlisir, noen inggih sakétja kémawon, boten badé nenangi dateng awon.

Wasana sinten kresa ngladjengaken oetawi amewahi?" " " "

Blangkon mantalon.

Wétan Bengawan.

PADALANGAN.

Nalika dinten malem Minggoe tg. 22/23 Juni 1929 ing kamar bolah Andépraja, wonten tingalan ringgit poerwa, ingkang djoemeneng ngasta dalang goeroe padalangan ing Solo, Radèn Ngebèi Doetadilaga, mawi lampahan Wisnoengkara. Kadjawi poenika kadjenengan Lebdatjaritan, i. p. gegémbonging cursus waoe. Déné poen jaga mèh sadaja bektan saking Solo.

Sasampoenipoen rampoeng sesorahipoen Mr. Soejoedi ladjeng kasambetan Doetadilagan, angandaraken prakawis wontening ringgit poerwa, kagandèng kalijan kawontenan ing djaman sapoenika saged gatoek. Para poedjangga Djawi sampoen sami njoemerepi, bilih ringgit poerwa poenika dédé jasan Djawi, nanging jasan Hindoe, Boeda; dadosipoen kagoenan Djawi sampoen kabesoet aloes sanget, kagandèngaken kalijan kawroeh gending, gending (tembang), djogèd, tjrita lan tatabasa. Sadaja waoe amengkoe pikadjengan pijambak-pijambak, angrasoek salaras kalijan karsanipoen ingkang Maha Wisésa. Sigeg, keplok.

Para prijantoen ingkang sami mirsani djedjel katah sanget, ngantos kirang papan kakoeng poetri, ngadjeng wingking kebak. Poenapa malih ing djawi panggènan staanplaatsen sami oejel-oejelan, inggih kedah-kedahipoen kepéngin soemerep.

Nanging sareng djam ± 12 daloe ingkang ningali soedanipoen langkoeng saking sepalih; djam 3 daloe kantoen ingkang sami lenggah lèsèhan; djam 4 éndjing kantoen ingkang sami badé ngemataken paspasanipoen, tjaranipoen bal-balan anggènipoen njekiet (schieten); djam 5—6 kantoen para gegémbong, para poedjangga miwah para sepoeh.

Menggah prakawis padalangan ingkang pantes kita pèngeti, manoet raos woetjalan Habiranda:

1. bab tjrita, manawi ngrengga ringgit, oepami ngrengga (njandra) Doersasana, moenggoeh sanget.
2. bab ketjrèk saged gesang ngetjek koemritjik, toer manawi kanggé ngetjrèk, soewantenipoen boten ambrebegi, malah damel ngengreng.
3. bab lampahing paredèn kanggé pratanda minangka gantosing tjarijos katingal saé toer semoea.
4. bab nglampahaken kapal, manawi pinoedjoe tinoempakan, matmatan sanget; katingal manawi poenika ingkang dipoeneningaken.
5. bab soeloek, lagoenipoen sanès kalijan woelangan Habiranda; nanging poenika nama saé toer moenggoeh kalijan ngesing penaboeh gangsa.

Sapoenika prakawis ingkang njimpang kalijan woelangan Habiranda:

1. bab pangringgitipoen sadaloe tanpa nges, liripoen tanpa raos, ingkang saged mranani para penonton. Mangka sadaja ngadjeng-adjeng mesti badé wonten tjetjrijosan ingkang mawi raos lebet, ingkang tjoendoek kalijan sesorahipoen ing ngadjeng.
2. prakawis sabetan, boten saged amaremaken, awit kirang greget-saoetipoen, toemrap sadaja perangan.
3. lampahing poetri toewin bambang kirang pasadja, ngantos katingal déjok, andjalari kirang moenggoeh.
4. bab potjapan mèh boten wonten bédanipoen, andjalari kirang manoekma.
5. lampahing ringgit katah ingkang tanpa mawang pasitèn sami kinggilen, katingal kados maboer.
6. Sareng bangoen éndjing sadaja lampah toewin potjapan, poenapa malih perangan sami sarwa tjekak, manoet poenapa saperloenipoen, awit mboedjeng wekdal kaselak telas.
7. tandjebing paredèn manawi pinoedjoe ing tengah kelir, manggènipoen mesti nisih mangiwa, boten tengah leres. (Bokmanawi wonten tegesipoen).
8. panoetoeking kotak mawi tjempala keseron, ngantos kala-kala wonten kanda ingkang kasarengan panoetoek tjempala, boten saged mireng babar pisan.
9. potjapaning ringgit satoenggal lan satoenggalipoen asring boten mawi pratanda „drèdèk" oetawi „tjretjrek," mangka soewantenipoen ringgit kalih ingkang saweg potjapan djoemboeh, toer ingkang kapotjapaken asring boten kademèk oetawi kaébahaken tanganipoen; dados anggènipoen ambédakaken namoeng saking soeraosing rembag.
10. kirang tjoetjoet, andjalari boten saged narik manahing penonton.
11. salebeting kanda, kawedalaken ngawan-wanda, boten merdoeli poen kawan-wanda waoe dèrèng anggadahi teges; poenika damel tjoewa ingkang mirengaken, awit boten manoeh.
12. soewantening gangsa kirang regeng; pélokipoen babar pisan boten kesrambah.
13. pakeming padalangan Habiranda njebataken boten kénging njemoni ingkang sami lenggah ing ngrikoe, sanadjan njataa pisan. (Prekawis njengker si Kèdjoe).

Ing wasana nalika woelangan Habiranda dd. 8/9 Juli 1929 para siswa sami nglempak wonten ing ngarsanipoen kijai goeroe, angandaraken pemanggihipoen pijambak-pijambak.

Prakawis ringgitan ing Andépraja, agegaran woelangan ingkang sampoen katampi.

Wondéné empoening Habiranda i.p. R. M. Djojodipoera paring wawasan oegi sairib kados ing nginggil, nanging dipoentambahi pangandika kalijan wantos-wantos sanget, bilih pandjenenganipoen **boten natjad, boten njéda** (ngritik) babar pisan dateng kawontenan waoe; **mila sampoen ngantos klintoe tampi**; rèhipoen kijai Goeroe dipoensoewoeni priksa ing siswanipoen, dados inggih kedah barès poenapa sawontenipoen. Bab poenika sampoen ngantos kesoepèn, bilih wonten babasan: **„angger désa mawa tjara"**, liripoen sadaja manoet tjara lan raosipoen pijambak-pijambak.

Manawi saking pandoegi koela pijambak, sarèhning ngrembag kagoenan kita Djawi, sami dipoenangkaha babagan poenika saja mindak saénipoen.

Boten langkoeng bab réka-dajanipoen mangsi borong para poedjangga Djawi.

Njoewoen pangapoenten.

Koela siswa Habiranda.

L. Jadiran.



VARIA.

SAKING MOENTILAN.

Pindahan.

Growahing manahipoen prijantoen Moentilan margi katilar pindah pandjenenganipoen R. M. Dokter Gandasoemina dèrèng poelih, kaselak imbet malih margi tinilar pindah R. M. Djajaéndra goeroe Normaalschool.

R. M. Dokter Gandasoemina saèstoe katah lalabetanipoen dateng gotrah Moentilan, gotèking ngakatah pantes sineboet koesoema ambeg oetama, darmawan ing boedi.

Samanten oegi pandjenenganipoen R.M. Djajaéndra, wonten salebeting djagad pasrawoengan ing Moentilan asmanipoen saklangkoeng kongas angganda wangi. Pandjenenganipoen ambeg balatèr ing panggalih, saged ngempali ingkang nginggil, poenapa déné saged toewin kersa angrangkoel golongan ingkang andap.

Mila, pindahipoen R. M. Djajaéndra toemrap gotrah Moentilan saèstoe kados kétjalan moestika ingkang boten sakedik reginipoen. Oepami wenanga makaten, temtoe dipoen-gondèli. Nanging kadospoendi malih tijang anggènipoen pindah dateng Mulo Ngajodja waoe sampoen dados karsanipoen pijambak: lintonan kalijan pandjenenganipoen R. J. Darma Atmadja ingkang pantjènipoen kinarsakaken dados goeroe Mulo wonten Ngajodja.

Boten namoeng pasrawoengan Moentilan kémawon ingkang roemaos kétjalan kabekta saking pindahipoen R. M. Djajaéndra waoe.

Toemrap pamoelangan Normaalschool Moentilan inggih kados kétjalan daja ingkang boten sakedik kekijatanipoen. Toemrap redactie Sw. T. inggih kados kontjatan prijantoen ingkang boten sakedik anggènipoen soeka pitoeloengan amrih saéning taman Sw. T. Semanten oegi toemraping pakempalan-pakempalan ing Moentilan dipoentilar pindah R.M. Djajaéndra waoe kados kétjalan obor ingkang boten sakedik padanging oeroebipoen.

Wasana sadaja golongan ingkang roemaos kasrambahan bèrboedining panggalih, poenapa déné katjakan genging daja kakijatanipoen, sami memoedji moegi widada tanpa sakara-kara ingkang pinanggih. Pangadjabipoen rinten daloe moegi-moegi wonten Ngajodjakarta waoe pandjenenganipoen saged njandoeng tjapaka sawakoel, djinangkoenga déning Ingkang Moerbèng Toewoeh.

Katjarijos, saking ada-adanipoen Kolèktoer ing Moentilan, kala tanggal 13 Djoeli wantji djam sanga sonten doemoegi djam kalih welas, ing dalem Wahjasoedibjan wonten papanggihan kanggé amèngeti pindahipoen R. M. Djajaéndra mawi bodjana soeka andrawina.

Ingkang angregengaken papanggihan waoe wonten prijantoen pitoeng dasanan saking golongan departement pinten-pinten, kalebet pandjenenganipoen Ingkang Wadana sarta para agoeng ing Moentilan sadaja.

Pandjenenganipoen Schoolopziener mahjakaken panggalihanipoen asoeraos:

a. Papanggihan ing daloe poenika mligi katoer R. M. Djajaéndra, amratandani genging karoekoenanipoen para prijantoen ing Moentilan. Pandjenenganipoen kagoengan pangadjeng-adjeng moegi-moegi karoekoenan waoe sageda lana, soekoer bagé sèwoe saged saja soepeket.

b. Wasana pandjenenganipoen ngatoeraken soegeng tindak atas para prijantoen sadaja (. . . . . . .soerak mawoerahan, sadaja sami ngoendjoek anggoer kagem widadanipoen ingkang badé pindah . . .).

Pandjenenganipoen R. M. Djajaéndra ngatoeraken genging panoewoen. Pangandikanipoen seret, pedot-pedot, . . . , mèh boten saged doemoegi, ... angantawisi sapinten awratipoen nilar Moentilan poenika.

Bakda poenika Ingkang Wedana medar pangandika: *a.* Maringi pirsa bilih R. M. Dokter Gandasoemina ingkang sapoenika wonten Bogor mahjakaken genging panoewoenipoen toemrap tanda pangènget-ènget ingkang katoer pandjenenganipoen saking prijantoen-prijantoen Moentilan. Wonten ngrika pandjenenganipoen boten kraos, séwan tilem awis, prakawis dahar inggih awis. (Anggènipoen pangènget waoe kakintoenaken medal pos margi rikala wonten Moentilan R.M. Ganda boten karsa dipoenatoeri dateng kawedanan perloe dipoenwiwaha sapantesipoen). *b.* Oeroenan saking prijantoen Moentilan kanggé asoeng pangènget-ènget dateng R.M. Ganda pikantoek f 134,75, kanggé toembas barang awoedjoed séndok salaka pangaos f 133,60. Tirahipoen kanggé ragading pangintoen kémawon taksih kirang, ingkang andjangkepi pandjenenganipoen Wadana. *c.* Gandèng kalijan prakawis karoekoenan ing Moentilan kados pangandikanipoen Sch. Opziener ing nginggil, pandjenenganipoen Ingkang Wadana amaringaken panggalihanipoen poenapa boten prajogi manawi ing Moentilan dipoenwonteni soos. . . Para prijantoen ingkang wonten ngrikoe ratjak sami najogjani, sarta badé anggesangaken *Sasana Soeka* ingkang sampoen djenat. . . . Ing daloe poenika oegi ing ngriki dipoenwonteni panitya soos dipoenpangarsani pandjenenganipoen dokter énggal R. Abdoelrahman. Ingkang dados panitranipoen: M. Hardjawardaja goeroe Norm. School, déné pangroekti artanipoen: Kolèktoer Moentilan. . . . . . (Para prijantoen andoemoegèkaken anggènipoen mangoen soeka, . . . Siswa *Habiranda* kakalih M.B. Hardjawardaja kalijan M. Dirdjasoesiswa sami angregengaken papanggihan waoe sarana angedali soeloek-soeloek toewin potjapan-potjapan ing salebeting padalangan).

DJOEROE MÈNGETI.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

Toeladanipoen koesoema Wétanan.

Karadjan Mongmit, doemoenoeng wonten tepis iringipoen tanah Sijem. Ratoenipoen adjoedjoeloek praboe Sawbaw.

Sang praboe sanadjan kalebet modern, angenggèni anggènipoen dados koesoema Wétanan. Prakawis poenika tétéla wonten lalampahan ing ngandap poenika.

Sang praboe kagoengan poetra kakoeng satoenggal sekolah wonten gymnasium Framlingham. Béndjing taoen ngadjeng badé neroesaken sinaoe wonten pamoelangan loehoer Cambridge (Inggris), sarta inggih dipoenlilani ingkang rama. Gagajoetan kalijan anggènipoen nglilani poetranipoen neroesaken sinaoe wonten pamoelangan loehoer waoe, sang praboe naté kawedal pangandikanipoen makaten: . . . . „Anakkoe ija daklilani neroesaké sakolah. Nanging sadoeroengé toemapak, dakkon moelih disik nem sasi, arep dakisèni piwoelang. Kadjaba koewi dèwèké ija koedoe gonah karo bakal kawoelané. Babar pisan dèwéké ora kena kelalèn 'jèn trah Shah; akoe wong Burmees, ora lila jèn anakkoe bakal dadi wong Inggris *tiron*." (:. . Mijn zoon mag nooit vergeten dat hij een Shah is; ik ben een Burmees en ik wil niet dat mijn zoon een nagemaakte Engelschman zou worden.)

Para maos! Ing tanah Djawi ngriki kerep kémawon wonten lagéjan *komalanda-landa!* Oeger saged saniet kalih niet, roemaosipoen sampoen Welandi. Sabrèbèt doerèn kados boten ngroemaosi jèn pijambakipoen poenika rah Djawi; boten ngroemaosi jèn prèdjènganing badan, kados sakoela pandjenengan. Semoenipoen inggih boten ngroemaosi bilih koelitipoen inggih nembaga kados pak Soeta. Satanaga-tanaganipoen ingkang dipoentémbak tjara Éropa.

Lagéjan kados makaten poenika ing djagad Djawi pantjèn wonten, toer inggih boten sakedik.

Kaseboet ing *Isteri* naté wonten artikel njantoelani tindakipoen para terpeladjar ingkang irib-iriban kalijan atoer koela ing nginggil. *Isteri* boten seneng manawi para intelectueelen nganggèkaken lagéjan makaten waoe. Boten seneng manawi anggènipoen sami saged tjara Walandi dipoenanggé pawitan oemoek, njapèlèkaken, ngepak! Sengit manawi kasagedanipoen tjara Walandi dipoenlaboehi nilar Djawinipoen.

Isteri anggadahi pamanggih: Wétan wonten ingkang awon, Kilèn wonten ingkang boten saé. Djagad Kilèn wonten ingkang bregas, djagad Wétan inggih wonten ingkang pantes dipoenleloeri. Mila, sakalih-kalihipoen kedah dipoenpitati, ingkang saé ladjeng dipoenanggé! Dados sampoen kok ambrengkolo: doepèh made in Europa ladjeng temtoe saé, matoek kaanggé wonten djagad Wétanan.

Pamanggihipoen *Isteri* pantjèn leres!

Ing Soerabaja sadèrèk, sampoen naté wonten lalampahan studenten Nias dansah kalijan wanita C. B. Z. Toer anggènipoen djèsbènan waoe wonten salebeting pista!

Prija kalijan wanita Indonesia sami anggandjret djingklik-djingklik poenika boten namoeng kalampah wonten kalanganing para anèm kémawon. Ing Poerwadadi (bawah Semarang) mandar kelampah prijantoen-prijantoen (oegi B. B. ambtenaren) anindakaken tjara makaten waoe. Pandjenengan sami mangertos, tajoeban poenika sampoen kalebet boten saé. Tajoeban raos-raosipoen sami badé dipoenkoeboer, nanging kok djeboel badé ginantos dansah!

Wonten prijantoen poetri trahing koesoema, karem dansah, kawedal pangandikanipoen makaten: „Akoe jèn dansah angoer karo wong Landa. Nèk karo wong Djawa moendak isih kétok wong! Balik karo Landa mono! . . . dadi wis djaragan!" Ing ngriki pandjenengan ladjeng saged ngoengkabi pagedonganing prijantoen remen dansah waoe! Pangandika makaten angemoe teges: dansah poenika *temenipoen* amimirangi kasoesilan Wétanan Hem! : :

Gligabipoen boten namoeng mandeg samanten kémawon anggènipoen tijang ngriki kédanan *beschaving**) Éropa. Poenapa boten makaten?? Kadosta: ing Semarang kala wonten peken malem nembé poenika dipoenadani *schoonheidsconcours*, alijas *concours éndah-éndahan warni*. Ingkang kénging nglebeti: wanita Wétanan! Begdjanipoen déné satoenggal kémawon boten wonten ingkang poeroen dados tontonan oetawi sawangan! Margi makaten waoe béndjing peken malem malih badé dipoenwonteni concours makaten waoe, nanging terboeka boeat perempoean dari *segala bangsa!*

Para maos, pandjenengan temtoe saged anggagapi, *anggènipoen ngadani schoonheidsconcours* waoe sampoen angantawisi bilih tetijang ngriki (boten sadaja) saèstoe sampoen mendem tjara Éropa. Nanging jèn dipoendoemoek wonten ingkang saged mangsoeli: „Sing mangkono maoe wong dakanggo *ngiksamen* bangsa kéné njata wis ilang kasoesilané apa doeroeng. Saiki ora ana sidji baé sing ngleboni, dadi tétéla wong kéné isih setya karo kasoesilané déwé!"

Hem,

„ . . . Tempo doeloe dan tempo sekarang,
Terdapet banjak perbedaan,
Orang bilang, ini djaman, djaman *kemadjoean*, . . .
Tetapi sabetoelnja djaman *kemoendoeran* . . . ." . . . . Makaten tjarijosipoen satoenggiling acteuripoen Miss Inten Opera.

Tetemboengan makaten waoe pantjèn leres sanget!

Awis ingkang saged anggadahi kaantepan kados sang „praboe Sawbwa kaseboet nginggil: „Ik wil niet dat mijn zoon een nagemaakte Engelschman zal worden."

Awis ingkang djawi-nglebetipoen poeroen moengel: „Akoe emoh dadi Landa tiron!"

Pandan Wangi 14 Djoeli.

Taklim: Patjar Mérah.

*) .Poenapa keladoekaning (excessen van de) beschaving? Red.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi - api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara - Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Processie Kalibawang.

Si Honon martosaken:

Nalika dinten Ngahad tanggal kaping 14 Juli poenika ing Promasan (Kalibawang) wonten arak-arakan miwaha Sakramèn Maha Soetji, ingkang kaping tiganipoen, saking sekolahan (Grédja) doemoegi goewa Sendang-Sana. (Goewa jasan katoer Dèwi Marijah, kaémba goewa ing Lourdes). Tebihing margi sapal langkoeng sakedik. Katah para tamoe ingkang merlokaken rawoeh: Padoeka rama Pastoor Madlener (Aalmoezenier), para Onder-officier lan Commissaris Veldpolitie, sami saking Magelang, Rama Pastoor lan Broeder saking Moentilan, Juffrouw Mendoet lan Boroboedoer, Goeroe-goeroe, malah pandjenenganipoen ingkang Ass. Wedana Kalibawang saha Mantri politie oegi rawoeh.

Kirang langkoeng djam satengah sadasa Processie wiwit. Ingkang ndèrèk ± 1200. Doemoegi Sendang-Sana, Goesti sinéwaka, zangers menjanji lan kaoermatan swaraning mertjòn, dal! del. Kondoeripoen Sakramèn Maha Soetji ngrawoehi altaar pakèndelan, ingkang doemoenoeng saantawisipoen margi arak-arakan waoe. Teroes Goesti kondoer dateng sekolahan (Grédja) malih; ± djam 11.

Toeroet (Consequens)?

C.-Odréèka njerat: Pamoelangan S e m i n a r i e ing Ngajodja, pamoelangan tjalon P a s t o o r —, ingkang badé andjagi anggoelawentah g e s a n g - k i t a - r o h a n i —, tjalon pangoengsèn: d o k t e r, g o e r o e n g i n g S o e k m a k i t a ingkang taksih badé gesang langgeng poenika, pamoelangan ingkang: grijanipoen doemados saking dananipoen para tijang katholiek ing nagari Walandi, pamoelangan ingkang sadaja ragad-ragad lan bot répotipoen boten wonten ingkang kedjibah toemoet ngréntjangi njanggi - k e d j a w i - k i t a —, ing wiwitaning woelan Juli poenika nampi moerid énggal 13; dados sapoenika wonten: moerid 69 — Walandinipoen 14, ingkang 3 wonten ing Moentilan.

Sinten ta ingkang betah: P a s t o o r. poenika? k i t a. Jèn makaten rak sampoen samestinipoen ta jèn kita d a m e l . . .

Rak sampoen dados warganing P r i e s t e r f o n d s, t a. ? Wah . . . pitados koela . . . . ! S a k i n g a g e n g i p o e n k a p i t a d o s a n k o e l a, k o e l a b o t e n g a d a h p a n g i n t e n, b i l i h w o n t e n s a d. R. K. i n g k a n g . . . i n g k a n g b o t e n k e r s a d a d o s w a r g a n i n g P. F.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

H. B. S.

Ing taoen poenika H.B.S.-gangsal taoenan ing Indija (tjatjahipoen sekawan,) angedalaken laré tamat sinaoe 147 kalijan ingkang golongan literair-economische afdeeling tjatjahipoen 25. Dados goenggoeng kempal wonten 172.

A. M. S. Ngajogjakarta kalijan Weltevreden angedalaken laré 80, afdeeling B. ing Malang angedalaken laré: 26. Dados goenggoengipoen laré ingkang diplomanipoen kasamèkaken kalijan H. B. S. wonten 106.

Tjatjahing laré ingkang bakda iksamen wekasan angladjengaken sinaoe, manawi katanding kalijan Nederland, ing ngriki presénanipoen langkoeng katah, i. p. tikel kalihipoen. Ingkang katah - katah sami aneroesaken sinaoe dokter oetawi ingenieur.

Ing taoen '28 wonten opleiding kanggé ambtenaar Indija, nanging ingkang toemoet nglebeti iksamen namoeng wonten 24. Opleiding gezaghebber wonten kalangan B.B. betah laré 7, nanging ingkang nglebeti namoeng laré 2.

Kanggé sakolah wonten Wageningen ingkang ing béndjingipoen tjalon dados Ind. landmeter, Nagari ngersakaken laré kalih. Nanging ingkang nglebeti namoeng laré satoenggal. Mangka kanggé pasinaon poenika (kirang langkoeng tiga satengah taoen) pendak taoen Nagari tjalon maringi toelage f 1300.

Polikliniek Tiong Hoa.

Ing Semarang wonten pakempalan anama „Lang Tjhwan Tiong Hoa Ie Wan" oetawi kénging katjekak „Polikliniek Tiong Hoa." Pakempalan waoe sampoen dipoenakeni adegipoen déning Negari kaseboet wonten serat kakantjingan tanggal 16-6-'29, nomer 2x. tt. Pakempalan waoe toedjoenipoen: soeka pitoeloengan lelahanan (oetawi menawi mawi rékening inggih pitoeloengan prakawis kadokteran kanti lelahanan oetawi bajaran mirah sanget dateng ingkang boten gadah boten predoeli bangsa poenapa oetawi agama poenapa.

Dokter Joesoef boten kanggep.

Tjarijosipoen *J.B.* poenggawa S.S. ing Betawi tampi dawoeh saking pangageng: manoet papriksanipoen B. G. D., certificaat saking dokter Joesoef boten wonten reginipoen. Mila menawi wonten poenggawa S. S. ing Betawi sakit, soepados neda certificaat dateng dokter sanès kémawon. („Hem, mesakaken!"

Pakempalan toekang.

Dèrèng dangoe moerid - moerid bangsa ngriki wedalan Ambachtsschool Betawi, ngawontenaken komité badé ngedegaken pakempalan toekang. Mèh sadaja tilas moerid I. A. S. Betawi (kirang langkoeng kalih atoes) sami najogjani sanget. Margi poenika waoe béndjing tanggal 14 Agoestoes ing Gedong National Gang Kenari Weltevreden badé dipoenwonteni Openbare vergadering.

Toedjoenipoen pakempalan waoe: nggatosaken toewin damel pirantos-pirantos grija lss. sarta badé ngoepados pawitan sarana baton kanggé ngedegaken padagangan dandosan kadjeng. (Inggih oeger boten katjokan aksi politiek (mérah) kémawon! — Red.)

Siti - siti partikelir.

Katjarijos, wekdal poenika kantor Goepermèn saweg angrembag noembas wangsoel siti - siti partikelir, langkoeng - langkoeng siti ing *Tandjoeng Oost Betawi*; *Bolang, Wangoeng,* toewin *Tjiliwoeng* sami bawah Bogor; poenapa déné siti partikelir ing *kampoeng Melajoe* Betawi.

Ing taoen poenika oegi siti partikelir *Tjiampea* Kidoel Kilènipoen Bogor, badé kawangsoelaken dateng Goepermèn. Siti waoe djembaripoen 51.000 baoe, djiwanipoen 113.000, sapérangan ageng kataneman pantoen, déné reginipoen kinten-kinten wonten 8 joeta roepijah.

Kala taoen kapengker, Nagari angedalaken arta 5 joeta kanggé noembasi wangsoel siti-siti partikelir. Déné taoen poenika, kanggé perloe poenika, dipoensoedijani arta 15 joeta roepijah.

Nagari anggènipoen noembasi wangsoel siti - siti partikelir waoe, wiwit kala taoen 1922. Wekdal sapoenika siti-siti partikelir ingkang dipoentoembas wangsoel sampoen wonten sepalihipoen. Kinten-kinten béndjing sadasa taoen engkas siti-siti partikelir sampoen saged wangsoel dateng Goepermèn sadaja.

Onderwijs dagang.

Wonten ing *Bat. Nwsbl.* toewan J. Leewis dirèktoer openbare Avondshandelsleergang ing Betawi, njerat ingkang soeraosipoen makaten:

Departement Onderwijs jasa koersoes dagang poenika waoe, perloenipoen soepados para moeda ingkang njamboet-damel wonten padagangan saged mewahi seserepanipoen. Ingkang mlebet mrikoe kedah anggadahi diploma Mulo, oetawi H.B.S.-tigang taoenan. Ingkang boten gadah diploma poenika kedah nglebeti iksamen roemijin. Wonten koersoes ngrikoe dipoenwoelangi: Boekhouden, Handelsrekenen, Handelscorrespondentie tjara Walandi kalijan Inggris, dangoenipoen tigang djam saminggoe. Sekolahanipoen wonten ing gedong P.H.S. Vrijmetselaarweg, Weltevreden. Bajaran sakolah f 7,50 — f 10, mawi - mawi blandjanipoen moerid. Ing taoen poenika sampoen saged ngwontenaken eindexamen ingkang wekasan. Sinten ingkang badé mlebet mrikoe kénging neda katerangan dateng toewan J. Leewis Oud Gondangdia 39.

Examen.

T. S. Martosaken: Moerid ing Opleiding Premie Goeroe Doesoen Kentjong, kala tanggal 3 lan 4 Djoeli 1929, dipoenexamen. Ingkang niti priksa examenipoen pandjenenganipoen Schoolopziener ing Baloenglor lan Leideripoen, Kepala-Sekolah pamoelangan angka II.

Moeridipoen goenggoeng kempal wonten 8. Sadaja saged loeloes, sasampoenipoen kadidik salebetipoen 1 taoen.